

Kijan yo rezoud plent yo

Medyasyon

Medyasyon an egalize chans yo ant sitwayen ak ofisyè polis yo. Li mete oumenm ansanm ak ofisyè polis lan ansanm nan yon kote ki san danje, silansye ak prive, pou nou kapab pale konfidan-syèlman osijè sa ki rive. Yon medyatè pwofesyonèl ki byen fòme epi ki san patipri, ki pa afilye ak CCRB oswa Depatman Lapolis, ki oryante yon diskisyon ki ba w chans pou esplike ofisyè an kijan konpòtman li an te afekte w. Epitou ou gen posibilite pou tande espikasyon ofisyè an pou sa li fè a. Plis pase 90% nan medyasyon CCRB yo reyisi.


Ankèt

Altènativ la si w pa gen medyasyon se pou yo ankete sityasyon ou an. Yon ankèt gendwa dire anpil mwa pou konplete epipandan peryòd sa a, nou bezwen pou w kowopere. Apade deklarasyon an-pèsòn la, ou gendwa bezwen tounen pou vin gade foto kèk ofisyè.

Yon anketè CCRB pral kolekte tout prèv posib yo, ikonpri deklarasyon temwen ak ofisyè yo. Lè ankèt la fini, yon asanble ki gen twa (3) manm ladann ki soti nan Konsèy CCRB an, pa anketè a, pral deside sa ki te rive. Pafwa ankèt la fini lè li jwenn yon move konpòtman, men pafwa ankèt lan pa jwenn anyen ki mal.

Disiplin

Lè CCRB an dekouvri yon ofisyè polis te konpòte li mal, li voye dosye an bay Komisyonè Polis lan, ki se sèl moun ki gen otorite pou enpoze disiplin.



Kisa **OU** kapab fè

Si w panse ou te sibi

oswa ou te temwen move konpòtman lapolis?

Depoze yon plent opre **NYC Civilian Complaint Review Board (CCRB)**


NYC Civilian Complaint Review Board

1-800-341-2272 or 311

100 Church Street, 10th floor

New York, NY 10007

www.nyc.gov/ccrb



1-800-341-2272

pou pote plent
osijè move konpòtman lapolis

CCRB ankete epi fè medyasyon pou plent piblik la depoze konsènan move konpòtman ofisye NYPD yo.

Nou endepandan ak san pati pri.
Nou PA fè pati de Depatman Lapolis lan.

CCRB okipe Kat kalite plent:

- 1 Fòs ki eksesif oswa pa nesèsè.
- 2 Abi Otorite – pa egzanp: fouye yon moun yon fason ki pa kòrèk, rete, kesyone, palpe, mande yon moun pou li dezabiye pou fouye li, rete epi fouye yon veyikil, epi refize bay non ak nimewo badj ou an.
- 3 Manke moun respè – pa egzanp joure yon moun oswa di betiz.
- 4 Ensilt – ensilte yon moun poutèt ras, etnisite, relijyon, oryantasyon seksyèl oswa andikap fizik li.

Kisa

ki rive apre ou depoze yon plent opre CCRB an?

Yo pral mande pou w vini nan biwo Manhattan nou an pou yon anketè kapab pran deklarasyon ou an osijè sa ki te rive. CCRB an pa kapab rezoud plent ou an san deklarasyon sa a.

Èske

ou ta dwe depoze yon plent menmsi ou pa konnen kijan ofisye an rele epi/oswa nimewo badj li an?

Wi. Anketè CCRB yo kapab idantifye ofisye ki akize yo nan 95% nan plent yo, men yo bezwen asistans ou pou fè l. Pandan yon kontre avèk yon ofisye polis, pran tout detay ki gendwa idantifye li, jan sa posib, ikonpri deskripsyon fizik polisye an.

Kèlkeswa fason ou pote plent, tanpri bay yon nimewo telefòn aktyèl, yon imèl oswa yon adrès lapòs pou nou kapab kontakte w pou fè yon randevou pou ou kapab bay deklarasyon ou an an pèsòn.

Rele NIMEWO GRATIS nou an nan
1-800-341-2272

Lendi – Vandredi, 8è a.m. – 5è p.m.
W ap pale dirèkteman ak yon anketè.

Apre 5è p.m. oswa lèwikenn, ou gendwa kite anrejistre plent ou an nan repondè an.

Lòt fason pou pote plent:

Ekri CCRB an nan:

**100 Church Street, 10th Floor,
New York, NY 10007**

Sou Entènèt nan:

www.nyc.gov/ccrb

Vini an pèsòn nan biwo nou an:

**Nenpòt kilè ant 8è p.m. ak 5è p.m.
Ou pa bezwen fè randevou.**

Nan telefòn:

**Rele 311, Nenpòt kilè 24è sou 24,
7 jou sou 7
Andeyò Vil Nouyòk: 1-212-639-9675**

Ale nan:

**Nenpòt ki estasyon polis...
Depoze plent ou an la a oswa pran yon
fòm plent, ranpli li lakay ou epi voye li
nan CCRB an.**